МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ, НАУКИ И ПО ДЕЛАМ МОЛОДЕЖИ КБР

Государственное казённое общеобразовательное учреждение
«Школа-интернат для детей-сирот и детей,
оставшихся без попечения родителей № 5, с.п. Нартан»
(ГКОУ «ШИ № 5 с.п. Нартан» Минобрнауки КБР)

Адыгэбзэмк1э 11-нэ классым щек1уак1а урок зэ1ухам и план

Егъэджак1уэр: Бекъул Э.И.

Темэр.Бзэм зегъэужьын.«Анэ» текстымк1э изложенэ, сочиненэ пкъыгъуэ хэту зыхуэгъэхьэзырын.

Мурадыр: анэм теухуа текстымк1э изложенэм хуэгъэхьэзырын;бзэм зегъэужьын; анэм и образыр литературэм къызэрыщыгъэлъэгъуар къэпщытэн; диным анэм теухуа хьэдисхэр; анэм хуа1э щытык1э дахэм хэгъэхъуэн;сочиненэ тхынымк1э я1э 1эзагъым хэгъэхъуэн.

Егъ.:Фыкъытхуеблагъэ ди хьэщ1э лъап1эхэ!
Ф1эхъус апщийхэ, ди лъэпкъэгъу лъап1эхэу ди псэм и щ1асэхэ!
Лъэпкъым и тыгъэ нэхъыф1хэм щыщу нобэми къэдэгъуэгурык1уэ адыгэ усыгъэхэр, хъыбарыжьхэр, хъуэхъухэр тыгъэ фхудощ1.
Адыгэм и насыпым ф1ык1э зыкъыдигъэзэну,
Лъэпкъ хабзэхэм утыкур яубыдыжыну,
Анэдэлъхубзэ дахэр мыувы1эу бзэрэбзэну.
Щ1эблъэр ф1ымрэ гуапэмрэ хуэушэу,
Ипэк1э плъэуэ псэуну дыщыгугъыу нобэрей ди урокыр къызэ1удох,
Нэхъыф1ыр къык1элъык1уэну фыдогъэгугъэ!

Егъ. Дэ нобэ ди урокыр зытеухуар ди анэ лъап1эхэрщ. Абы и гугъу тщ1ын хуей щ1эхъуам и щхьэусыгъуэри мыращ: анэмрэ бынымрэ я зэхуакум дэлъын хуей хуабагъэр, пщ1эр, нэмысыр ди зэманым т1эк1у нэхъ къелъэхъшэхауэ зэрыщытырщ. А ныкъусэныгъэрхэр тлъэгъужын, къэмыгъэхъун папщ1эщ псори зыхуэдунэт1ар.

Егъ. Анэ, сыту псалъэшхуэ ар. Анэ псалъэр щыжып1эк1э гущ1эр егъэп1ейтей. Анэ зимы1эм гу1эр и махуэщ, ауэ жи1акъым ар пасэрейм. А псалъэхэм урагъэгупсысыж 1эщабэ-1ущабэу, хуэсакъыу анэхэр хъумэн зэрыхуейм.

Едж. Анэр дунейм и дыгъэщ.
Анэр дунейм и мазэщ.
Анэр дунейм и жылэщ.

Егъ. А псалъэхэм купщ1эшхуэ хэлъщ, арауи жып1э хъунущ ц1ыху гъащ1эр пызыщэр.Девгъэгупсысыжыт псори, зэгуэр и анэ хэт и жагъуэ ищ1ами хэт игу хигъэщ1ами. Анэхэм я гур махэщ, анэхэм я гур п1ащ1эщ. Ахэм я макъ унэм щ1эмытмэ абы нэхърэ нэхъ 1ей сыт щы1э мы дунейм. Девгъэда1уэт анэм и макъыр къызэрытщыхъум.

Ирина: «Анэм и макъыр».
Анэм и макъыр щысхуэбзэрабзэк1э,
Къысф1ощ1 си Хэкур къэзгъуэтыжа.
Жызмы1эфыни анэдэлъхубзэк1э
Къысщохъур зыри къэмынэжа.

Анэм и макъыр щысхуэбзэрабзэк1э,
Бзухэм я усэр сф1ощ1 ефэгъуэк1.
Гъащ1э, зыгуэрк1э укъысхуэупсэмэ,
Анэм и макъым сыпомыгъэк1. .

Анэм и макъыр псэм дощ1эращ1э,
Анэм и псалъэм гур егъэин.
Анэм и макъым тынш ещ1 си гъащ1эр
Къару къысхелъхьэ, сещ1ыр нэхъ ин.

Егъ. Анэ псалъэр щыжып1эк1э гущ1эм зыкъыдегъазэ. Абы быным хуи1э лъагъунытъэм к1э и1экъым, сытым дежи быныр балигъ хъуами, ар сабийщ анэм дежк1э, и гур хуэмыгъуэщ жэщи махуи, мы дуней псом тету п1эрэ адэ-анэм хуэдэу псэ къабзэ гу хьэлэлрэ зи1э нэгъуэщ1 ц1ыху! Ялъэк1амэ, быным и зы щхьэц налъэ хагъэхунтэкъым. Дэк1амэ, къыдэмыхьэжын къаф1ощ1ыр, жьы къепщамэ, ирихьэжьэнк1э шынэу мэпсэу. Нэгъуэщ1у жып1эмэ, анэм и гур сытым дежи быным и гъусэщ, аращ анэр нэм щ1ыхуагъадэри, абы и щыхьэтщ мы усэр.

Ибрагим: Гъащ1эр ехь

И быным тегужьеик1ауэ:
Жьыр къепщамэ
Ф1ощ1 ирихьэжьэн.
Къытехъуам уэлбанэ,
Унэм ар щ1эк1ауэ,
Псыдзэм ихьын ф1эщ1у
Ныпежьэнщ.

Химыгъэхьэ жэщым,
Химыгъэхьэ щ1ы1эм-
Ф1ощ1ыр псоми
Зыгуэр къращ1эн…
Дыгъэ закъуэрщ анэм
Дзыхь зыхуищ1у щы1эр
А т1ум зэщхьщи аращ
Я хьэл-щэн.

Егъ. Анэ лъагъунытъэм к1э имы1э,
пэжыр жып1эм куэд 1ей ар хуэмей,
илъагъу закъуэу щытмэ бынхэм я гуф1эгъуэ,
къыхуащ1эну псори арщ зыхуейр .

Амина:Анэр быным сытк1э ящыгугърэ?
Жыс1энщ пэжи куэд 1ей ар хуэмей
Илъагъу закъуэу щытмэ бын гуф1эгъуэ,
Къыщохъу абы дуней ф1ыгъуэр ей.

Я нэщ1эбжьэ бынхэм имылъагъумэ
Плъыжь дэмыхъумэ псэк1э къигъэщ1ам
И жьы хъугъуэм ф1ыуэ т1эк1у къалъагъумэ

Къыхуащ1ыну псори къыхуащ1ащ.

Куэд хуей анэр?
И пхъум и 1эф1ыгъэ
Къуэ гулъытэ, 1эф1агъ т1эк1ущ зыхуейр.
Дунейм щехыж махуэм къуэм и л1ыгъэ,
Пхъум и гъыбзэ и нэпс – ар къудейщ.

Егъ. Емызэшыж ди анэхэр нэху мыщу къотэдж. Унагъуэм 1уэхуу илъыр ящ1эр, ауэ дэ къытщохъур абыхэм я къарум хэмыщ1у. Дахуэвгъэсакъ псори анэхэм, дащывгъэсхь ахэм я къарум.

Кантемир: Укъотэджри к1ыф1зэхэту,
Къыбошыр жэмыр,
Бжэ1упэр уопхъэнк1.
Ужьыщ1эу, уеблэм,
Пхъэ щыпкъути щы1эу
Ет1ысэхыншэу
Махуэ псор йохьэк1.
Пщыхьэщхьэ хъуами
1уэху щы1эр мащ1э?
Уи 1ит1 мыувы1эу
Сыхелъафэр жейм.
Си шхы1эн к1апэр
Сакъыу схущ1эбупщ1эу,
Сыкъызэщоур
Жэщ ныкъуэм деж.
Зыщыбгъэпсэхур, мамэ,
Сытым деж?

Егъ. Гъащ1э щыхъук1э, 1эджэми дыхуозэ, 1эджи щыдолъагъу, щызэхыдох, псалъэ гуапи псалъэ жагъуи. Щы1эу п1эрэ адэ-анэр 1эф1у зымылъагъу е абыхэм я гумм ежэл1эн псалъэ жагъуэ езыпэжыфын бын? ! Хьэуэ, щы1эн хуейкъым апхуэдэ! Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи т1ыс щ1ыжа1эри аращ. Демыгупсысу жыт1а псалъэ жагъуэр анэм и гум зэреуэр,ар абы зэрызэхищ1эр къыдегъащ1э мы усэм.(Псалъэ жагъуэ.)
Егъ: Анэр сабийм и чэнджэщак1уэщ, гъащ1э гъуэгу пэжым и гъэлъэгъуак1уэщ.Анэ.. а псалъэр сыт хуэдэбзэк1и зэщхьщ..
Ирина:Си псэм хуэдэу сэ си анэ, Слайд ди «Анэхэр»
Уэр нэхъыф1 дунейм темыт.
Псынэ дахэу уи псэр къабзэщ
Уи гур дыгъэу къысщхьэщытщ.

Щхьэфэм уи 1эр къыдыболъэ,
Къызжыбо1эр псалъэ 1эф1.

Тхьэм уи гъащ1эу къэбгъэщ1ынур
Насып защ1эу пхуиугъэпс.

Сэ сода1уэ уи чэнджэщым
Узохьэл1э си щэху куэд.
Гук1э жыс1эу махуи жэщи
Пхузоусыр сэ уэрэд.

Викэ,Сарима,Диана,Аида.

Егъ. Анэм и быным лей къытримыгъэхьэн, ихъумэн папщ1э маф1э лыгъэм хыхьэфынущ, хуей хъуми и псэр итыфынущ. Абы быным хуимыщ1эн ф1ыгъуэ телъкъым мы дунейшхуэм, ауэ ахэр зэхэзмыщ1ык1 бынхэри щыкуэдщ мы гъащ1эм, абы и щыхьэтщ иджыпсту фэдгъэлъагъуну пычыгъуэр.

Сценкэ гъэлъэгъуэн.

Авт. И щхьэгъусэр дунейм ехыжауэ зы фызабэ гуэр псэурт. Абы зы къуэ ц1ык1у закъуэ ф1 эк1 и1этэкъым. Арат абы мы дуней дахэшхуэм гурыф1ыгъуэу щилъагъуну и1эххэри! Зы гъэмахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым мыпхуэдэу къэхъуащ. Анэр и къуэ закъуэм зыкъомрэ бгъэдэта нэужь:

Анэ: Иджы, си дуней нэху, дыгъэгъуэлъыж! Мы дуней нэхушхуэм алыхьым гу щыуигъахуэ!(Теуэ макъ).

Псэхэх: Уи хъуэпсап1эр къохъул1энукъым , анэ насыпыншэ!

Анэ: Ухэт уэ?

Псэхэх: Сэ сы-Псэхэхщ! – Уи къуэ закъуэм и псэр хэсхыну сыкъэк1уащ.

Анэ: Кхъы1э, псэхэх, си нит1ыр ищ1и хьэфизу дунейм сыкъытенэ! Си тхьэк1умит1ыр с1ыхи дэгу сагъроуэ дунейм сытеут1ыпщхьэж! Ауэ си къуэ закъуэм и псэр хыумых! Щхьэщэ пхузощ1- гущ1эгъу къысхуэщ1!

Псэхэх: Хьэуэ. Ар зэрыпхуэсщ1эн ф1ыгъуэ щы1экъым.

Анэ: Кхъы1э, псэхэх, иджыри зы тхьэмахуэ закъуэ п1алъэу къызэтыж. Зы тхьэмахуэ закъуэк1э си щ1алэ ц1ык1ур сыгъэлъэгъуж.

Псэхэх: Ирехъу апхуэдэу, анэ насыпыншэ!

Анэ: Нак1уэ, си щ1алэ, мы бгъуэнщ1агъыжьым дыщ1эт1ысхьэмэ,псэхэх угъурсызым ды1эщ1эк1ауэ къэплъытэ хъунущ.
Псэхэх: Ущоуэ, анэ насыпыншэ!
Анэ: Ухэт уэ?
Псэхэх: Сэ сы-псэхэхщ! Уэста п1алъэр къэсати, уи щ1алэ закъуэм и псэр хэсхыну сыкъэк1уащ.
Анэ: Кхъы1э, Псэхэх, хьэфизи сыщ1, дэгуи сыщ1, бзагуи сыщ1! А псом нэмыщ1к1э, япэ щ1ык1э сэ си псэр хэх, ауэ си щ1алэ ц1ык1у закъуэм и псэр хэпхауэ сумыгъэлъагъу!

Псэхэх: Хьэуэ. Ар зэрыпхуэсщ1эн ф1ыгъуэ щы1экъым.
Анэ: Кхъы1э, Псэхэх, иджыри зы тхьэмахуэ закъуэ п1алъэу къызэтыж. Зы тхьэмахуэ закъуэ си щ1алэ ц1ык1ур сыгъэлъэгъуж.
Псэхэх: Ирехъу апхуэдэу, анэ насыпыншэ!
Анэ: Нак1уэ, си щ1алэ, тэхъуанэр быдэу гъэжащ, абы жьы дэхуп1и, псы дыхьэп1и, нэху дэдзып1и и1экъым, абы дисмэ псэхэх угъурсызым ды1эщ1эк1ауэ къэплъытэ хъунущ!

Псэхэх: Ущоуэ, анэ насыпыншэ!
Анэ: Ухэт уэ?
Псэхэх: Сэ сы-псэхэхщ!Ещанэу Уэста п1алъэр къэсати, уи щ1алэ закъуэм и псэр хэсхыну сыкъэк1уащ.
Анэ: Кхъы1э псэхэх, хьэфизи сыщ1, бзагуи сыщ1! А псом нэмыщ1к1э, япэ щ1ык1э сэ си псэр хэх, ауэ си щ1алэ ц1ык1у закъуэм и псэр хэпхауэ сумыгъэлъагъу!
Псэхэх: Еуей. Сыту 1ейщэу дзыхэ сыкъэпщ1а, анэ насыпыншэ, уэ к1уэж, уи щ1алэм сэ зы лъэ1у хузи1эщи ар жес1энущ.
Псэхэх: Иджы си щ1алэ уэ къэда1уэ, уи анэ тхьэмыщк1эм и ф1ыгъэк1э уи псэр хэсхыну сэ къэзгъэнащ, ауэ зы лъэ1у пхузи1эщ, к1уэжи уи анэм и гур къысхуэхь. Махуищыр п1алъэу сэ узотыр.

Авт.: Щ1алэр и шым мэшэсыжыр. И унэм щ1алэм егъэзэж. И 1эгур гушхуэм къегъэнэху. Абдежым ар мэлъэпэрапэ, анэгури щэхуу къопсэлъапэ: «игъэуза си щ1алэ нэху?!»

Анэм быныр зэрилъагъур
Псы ежэхым и к1ыхьагъщ,
Быным анэр зэрилъагъур
Телъ лъэмыжым и к1ыхьагъырщ.

Егъ. Дымыщ1эххэу гъащ1эр мак1уэ, анэхэр нэхъ т1орысэ мэхъу, я нэк1ухэр золъэ, я щхьэцхэм тхъугъэ хедзэ.

Егъ: Гъащ1э зи1эм уахътыи и1эщ, жыжьэ дыплъэурэ ди псэм и гъунэгъу ц1ыхухэр т1эщ1ок1.Гъэщ1эгъуэныракъэ, мылъку гуэр тф1эк1уэдамэ, ди гум щ1охьэ, ауэ зэи дегупсысыркъым гъащ1эр зэрызэхэлъ махуэхэр къамыгъэзэжыну зэрыт1эщ1эк1ым. Дэк1уеигъуэ зи1эм ехыжыгъуи къыпэщылъщ, ауэ дэ абы и чэзум дегупсысыфыркъым. Мис апхуэдэурэ зи псалъэхэр хьэуа тхуэхъуа ди анэхэр т1эщ1ок1.

Егъ: Ц1ыхур гузэвэгъуэ хэхуэу 1эмалыншэ дыдэу къыщынэм деж, и гур япэ зыхуэжэр анэрщ… И псэм къилъыхъуэр аращ… Фэ гу лъывмытэжагъэнк1и мэхъу, ауэ 1уэхур и нэм щынэсым, фигухэр сэ къызэджащ. Фи псэхэм сыкъышащ …. Анэпсэхэр зэи л1эркъым. Ар бынхэм я гущ1эм щопсэу. Нэрымылъагъуу. Къатемыплъэкъук1ыу.Я ф1ым иригуф1эрэ я 1ейм иригумащ1э.

Егъ.: Быным щхьэк1э жэщ-махуэ имы1эу анэр гугъу йохь. Абы и образым литературэми,музыкэми,искусствэми ущрохьэл1э.Псом хуэмыдэу гуащ1эщ диным къыхэщ хьэдисхэр.

Мы Азэлыхьу тэхьэлам
и ужьк1э фи ф1эщ фщ1ы,
ф1ыуэ флъагъу, флъытэ
фи адэ-анэхэр.Псом хуэмыдэу
фи Анэхэр. Анэхэм я лъэгум
къыщыфлъагъунущ жэнэтым
к1уэ гъуэгур.
(Къур1эн, 17:23).
(Къур1эн, 31:14, еплъ Къур1эн,
16:55, 29:8)



«Анэ» уэрэдым щыщ пычыгъуэ.

Егъ.: Иджыри къыздэсым зи гугъу тщ1а анэхэм, пхуэмы1уэтэн хуэдиз я ф1агъщ.Мис апхуэдэ зы анэм теухуащ нобэ дызэлэжьыну изложенэри.
Текст нап. 82-83 Къеджэн,планыр доскам итхэн.Сочиненэ жыпхъэхэр яже1эн.
Егъ.: Зэгуэр демыгупсысу псалъэ жагъуэ жыт1ами
аф1эк1а апхуэдэ къэмыхъуну тхьэ фхудо1уэ ди анэ лъап1эхэ!
Егъ: Нобэрей ди урокыр абдежым щызэхудощ1ыж. Узыншэу фыщытхэ!